

Kontakte nou

Pou jwenn aksè nan sèvis sipò sante konpòtmantal, ki gen ladan yon responsab rekiperasyon oswa yon espesyalis kamarad, vizite Walk-In Behavioral Health Access/Urgent Care nan 1493 Cambridge Street, Cambridge oswa 195 Canal Street, Malden.

**Oswa rele liy telefenik 24/7 nan
833-222-2030**

Lendi – Vandredi 8 am – 8 pm

Samdi – Dimanch 9 am – 5 pm

Eksepte pou gran jou ferye yo



GR23_151_HC

CHA Cambridge Health Alliance

CARE TO THE PEOPLE

challiance.org

Sant Sante Konpòtman Kominotè



CHA Cambridge Hospital
1493 Cambridge Street, Cambridge

CHA Malden Care Center
195 Canal Street, Malden
833-222-2030

CHA Cambridge Health Alliance

Ou bezwen yon moun pou pale?

Èske w ap viv oswa travay nan Cambridge, Everett, Malden, Medford oswa Somerville?

Sèvis nou yo disponib pou tout moun epi pifò asirans yo kouvri.

Pa gen okenn referans nesesè.

Si ou pa gen asirans sante, nou ka ede w jwenn pwoteksyon.

Travay ak yon Responsab Rekiperasyon oswa yon Kanmarad Espesyalis se totalman volontè.

Kèk fason yon Responsab Rekiperasyon oswa yon Kamarad Espesyalis ka ede w:

- Ou ka kontakte pou yon randevou ak yon akonpayman
- Rankontre w nan kèlkeswa eta chanjman w ye
- Bay sipò ak kanmarad yo konfidansyèl
- Rankont endividiyèl pou diskite sou fason pou rekiperasyon an
- Rankontre avèk ou nan kominate a (sa vle di kafe, reyinyon AA)
- Konekte w ak resous kominate a
- Rankontre ak ekip Cambridge Health Alliance jan sa nesesè

Responsab Rekiperasyon ak Kanmarad Espesyalis yo gen yon mòd orè travay fleksib.

Yo ka rankontre ou:

- An pèsom
 - Adistans
 - Endividiyèl
 - Nan gwoup sipò kanmarad yo
 - Kòm yon pati nan ekip swen ou
- Rechèch yo montre tou de responsab rekiperasyon ak kanmarad espesyalis yo ka trè efikas kòm yon pati nan yon ekip sipò.

Responsab Rekiperasyon

Lè yo itilize pwòp eksperyans yo, yo ede moun jwenn aksè nan gwoup otoasistans yo, adiksyon ak rekiperasyon, Trètman Asistans Medikaman (MAT), ak terapis ki resevwa fòmasyon nan itilizasyon sibstans ak sante mantal.

Kanmarad Espesyalis

Lè yo pataje pwòp eksperyans yo ak chòk, dyagnostik sikuatrik, ak sistèm swen sante mantal, manm pèsomèl sa yo konstwi yon baz konfyans ki baze sou yon konesans ak yon gerizon pataje.

